

“ Plizye ane pase nou te eseye òganize fasilite kote mwen travay la. Te genyen an pil eksitasyon ant nou; nou te pase finalman nou ta pral genyen yon vwa ak yon vòt. Men bòs la te vin kraze espwa ak rèv nou yo, epi yo te rale nou sòti nan inite nou yo pou gade yon fim kon-sendika pandan pasyan nou yo te rete san atansyon. Mwen konnen konye an bagay yo ka vin diferan. Kounye an mwen travay nan Sant kominotè Boston Disid, kote anplwayè nou yo respekte dwa moun ki founi swen yo pou mete ansanm. Sa se diferans sendika an: sa kreye yon anviwonman ki travay pou moun ki pi enpòtan yo – pasyan nou yo.”

- Anestine Bentick, manm 1199SEIU



“ Kanpay sa a se sou asire dirabilite ak pwosperite vin nou an alontèm. Sektè swen medikal la se rèldo ekonomi Boston la... men li enpòtan pou oumenm ak fanmi w genyen bon swen medikal ak bon benefis. Nou deja fè sa nan Boston Medical Center. Yo genyen 1199SEIU — pou ki rezon tout lopital yo nan vil Boston pa genyen 1199SEIU?”

- Majistra Thomas M. Menino

## Kilès 1199SEIU la ye?

1199SEIU United Healthcare Workers East la se pi gwo sendika lokal nan lemond ki reprezante plis pase 300,000 manm ak moun ki pran retrèt nan Nouyòk, Maryland, ak Distri Columbia ak Massachusetts. Nou genyen manm nan tout aspè lopital la, mezon de swen a endistri swen adomisil toupatou nan Eta Nouyòk, Massachusetts, Maryland ak Washington D.C., avèk 34,000 manm nan Massachusetts. Nou se yon pati nan Sendika Entènasyonnal Pou Sèvis Anplwaye (SEIU), ki genyen 1.8 milyon manm swen medikal epi ki se vwa prensipal pou pwofesyonèl medikal yo nan nivo federal la.

**1199SEIU**  
United Healthcare Workers East

Pou plis enfòmasyon rele  
**617-284-1142**

1199SEIU • 150 Mt. Vernon Street, Suite 300, Dorchester MA  
www.FairUnionElections.org


## DIFERANS SENDIKAL AL

Anba la a se egzanp dwa nou te ganye nan kontra 1199SEIU nou an nan kote tankou Sant Medikal Boston, Swen Medikal Cape Code, Lopital Whidden Memorial, Cambridge Health Alliance ak lòt yo. Pèsan pa kapab fè okenn pwomès sou sa nou pral ganye lè nou negosye yon kontra nan lopital ou an, eksepte sa yo: nou gen plis fòs ansanm, epi lè nou vote pou vin sendikalize, dapre lalwa administrasyon yo dwe negosye ansanm avèk nou antan yon sendika. Sa se sou nou li chita!

Pwoblèm	Nan yon lopital ki pa-sendikalize...	Nan lopital ki genyen kontra avèk 1199SEIU...
Salè	Li pa egzijib pou administrasyon negosye avèk anplwaye yo; souvan yo bay oswa denye “ogmantasyon salè ki merite” bason sou patipri, epi gen dèzane kote pa genyen oken ogmantasyon; yo kapab anboche nouvo travayè yo ak yon salè ki pi wo pase anplwaye ki la deja yo.	Administrasyon dwe negosye avèk nou antan yon sendika; ogmantasyon salè anyèl ak ogmantasyon pa etap yo baze sou konbyen ane sèvis, men pa patipri; lè ansyènte yon anplwaye ogmante epi yo ale nan yon pozisyon ki genyen plis kalifikasyon, salè yo ogmante baze sou etap yo ak echèl salè an.
Afichaj djòb yo, pwomosyon, eks.	Souvan baze sou patipri	Yo dwe afiche shif ak djòb ki disponib yo. Pami aplikan ki kalifye yo, anplwaye ki gen plis ansyènte jwenn pozisyon an.
Disiplin ak tretman ki jis	Desizyon administrasyon; enpe si okenn dwa pou travayè yo pou konbat ak klarifye non yo.	Disiplin kapab fèt sèlman ak “kòz jis,” avèk yon pwosesis abitraj pou detèmine si ou pa disiplin la apwopriye.
Pwomès	Administrasyon kapab fè pwomès bagay pral amelyore, men yo pa oblije kenbe pwomès sa yo.	Lè nou ganye angajman administrasyon an pou amelyore salè ak benefis, se yon KONTRA ki gen obligasyon legal.
Vakans, shif	Souvan baze sou patipri	Dsitribye nan fason jis baze sou regilasyon nou negosye avèk administrasyon an.
Respè nan travay la	Se jis sa li ye...	Administrasyon dwe negosye avèk nou antan yon sendika, epi kontra nou an eple regilasyon pou tretman jis pami travayè yo ak manadjè yo.

“ Li enpòtan anpil pou travayè lopital nan Boston gen dwe gen yon vwa sou kote yo travay la, salè yo, ak kondisyon nan travay yo. Travayè lopital yo dwe kapab travay pou viv, pa viv pou travay. Eleksyon ki lib ak jis pral garanti demokrasi nan kote nou travay la ak bay travayè lopital yo yon opòtinite pou genyen yon vwa pou amelyore vi yo ak fètekòz pou pasyan yo. Lwa travay ki la kounye an se yon wont. Eleksyon ki lib ak jis se sou ekite an jistis, epi se pou rezon sa a mwen sipòte eleksyon ki lib ak jis pou tout travayè lopital yo.”

- Father Kennedy, St. Monica's Catholic Church, South Boston



**Travayè lopital yo ap reyini pou chanjman!**



*1199SEIU: Nou fè yon pi bon swen medikal.*

1199SEIU • 150 Mt. Vernon Street, Suite 300, Dorchester, MA 02125  
617-284-1142 • www.FairUnionElections.org

# NOU GEN PLIS FÒS ANSANM

Manm 1199SEIU vin akonpli kè pami meyè salè, kouvèti asirans medikal, pasyon, pwoteksyon djòb, benefis gadri timoun ak opòtinite edikasyonèl pou travayè lopital yo nan nasyon an. Pou kisa? Paske nou genyen fòs ak plis pase 300,000 manm ini ansanm toupatou nan zòn endistri swen medikal la, epi nou travay ansanm pou jwenn rezilta yo. 1199SEIU se vrèman yon sendika demokratik nanm yo dirije, pou manm yo. Misyon nou se pou nou se pou ranfòse travayè swen medikal yo, ak ganye swen medikal ki abòdab pou tout moun.

“Lopital mwen an pa rekonèt ansyènte epi yo pay pwomosyon baze sèlman sou only paspouki – Mwen genyen nevan nan travay mwen an epi mwen toujou la nan menm pozisyon an. Antan yon sendika, nou kapab mete ansanm epi rezoud tout pwoblèm sa yo.”

- Yolanda Mays, Asistan Laboratwa Klinik, Lopital Jeneral Massachusetts



## Konnen Dwa w yo!

Kisa ki ka evite anplwayè mwen an pou li pa pini mwen oswa pini lòt travayè ki nan sendika yo avan nou kenbe yon eleksyon Lib ak Jis nan lopital mwen an? Bon jan kesyon. Premye bagay pou konprann ke sou lwa federal la li pa legal pou menase oswa pini yon travayè paske li pou-sendika a:

### Ekstrè nan National Labor Relations Act la:

“Anplwaye yo dwe gen tout dwa pou òganize tèt yo, pou fòme, abòne, oswa ede òganizasyon travayè yo, pou li fè negosyasyon ak yon reprezantan yo chwazi, ak pou angaje yo nan pwòp aktivite negosyasyon pou rezon kolektif pou objektif negosyasyon oswa èd mityèl oswa pwotektif...”

“Se yon pratik nan travay ki pa jis pou yon anplwayè pou chache enfluyans, manipile, fè presyon sou, oswa twonpe okenn anplwaye pou yo egzèse dwa ki garanti nan [lwa sa a], [oswa] ak diskriminasyon konsènan anbochaj oswa pèmanans nan anplwa oswa nan nenpòt regilasyon ak kondisyon pou ankouraje oswa dekouraje manm yo pou anwole nan nenpòt òganizasyon travayè yo.”



“Apran nou travay pou 40 èdtan nan yon semenn pou prèske 10 zan nan lopital mwen an, yo koupe orè mwen san rezon, epi kounye an antan yon anplwaye a tan pasyèl mwen pa kapab peye pri who asirans medikal mwen an. Sipèvizè mwen an te di mwen si mwen pa renmen sa, mwen ka kite. Mwen vè yon sendika pou respè ak dinyite nan travay la.”

- Millicent Grant, Patient Care Assistant, Lopital Brigham & Women's

# Kisa kòd konduit Pou Eleksyon LIB AK JIS LA YE?

Yon kòd konduit pou eleksyon Lib ak Jis” vle di antan anplwaye nou genyen libète pou deside si yo vle ou pa pou mete ansanm kòm yon sendika, lib sou entimidasyon nan men administrasyon nan yon vote balòt sekre ki Jis.

## Yon akò pou eleksyon Lib ak Jis souvan genyen prensip sa yo:

- Travayè lopital yo dwe kapab pran pwòp desizyon yo pou mete ansanm antan yon inyon;
- Ekzekitif nan lopital yo p'ap devote lajan swen pasyan yo pou jere yon kapay kont-sendika a;
- Yo pap fòse travayè lopital yo pou ale nan reyinyon, diminye tan yo pase nan devwa yo pou bay pasyan yo swen, pou chanje lide nou pou nou mete ansanm antan yon sendika;
- Sipòtè sendikal yo ta jere kapay ki pozitif san atak pèsone kont administrasyon an;
- Eleksyon an ta fèt vit, tout diskisyon rezoud vit ak jistis, yo ta onore rezilta yo, kèlkeswa sa ki ta rive;
- Administrasyon ak sendika yo dakò pou yo pa vyole lwa travayè yo;
- Yo ta dakò sou Kòd Konduit sa alekri, pou yo ka ranfòse li legalman



## Kò-travayè avèk mwen fatige nan fason yo trete nou

Ansyen direktè mwen an te konn fè m sonje pitit mwen yo p'ap gen asirans medikal si mwen pèdi djòb mwen. Mwen te kite Beth Israel Deaconess paske pèsan pa janm bezwen pou yo trete yo konsa. Kounye a, mwen kontan mwen se yon manm 1199SEIU nan yon lòt lopital, kote travayè yo ka kontè pou yo trete yo ak dinyite e respè, epi kote yo genyen yon sendika.”

- Anthony Patti, ansyen travayè antretyen kalifye nan Sant Medikal Beth Israel Deaconess, konye an yon manm 1199SEIU nan Cambridge Health Alliance

# KESYON AK REPONS

tout travayè ki pa sendikalize yo

### K: Kisa n ap mande CEO lopital yo pou bay akò yo to agree yo?

R: Yon Akò alekri pou eleksyon ki lib ak jis: libète pou travayè yo kapab pran pwòp desizyon yo, lib sou entimidasyon administrasyon, nan yon kondisyon pou vote ak yon balòt ki jis.

### K: Pou ki rezon travayè lopital yo dwe sendikalize?

R: Kisa ou ta chanje nan kote ou travay la si w te kapab chanje yon bagay? Twòp travayè lopital yo pa kapab peye asirans medikal pou fanmi yo oswa peye lwaye yo. Nou ta renmen gen kapasite pou negosye pou kalite amelyorasyon nan lopital nou an nou ganye lòt kote yo: meyè salè ak benefis, meyè nivo estaf, yon vwa nan kòman yo delivre swen pou pasyan nou yo, ak baz respè ak tretman ki jis.

### K: Kòman sendikalizasyon ka amelyore swen pasyan yo?

R: Sa ka ede nou, lè moun ki pri pwòch pasyan yo (ansanm ak doktè ak RN yo), pou bay jarèt pou pasyan nou yo; travayè swen medikal yo ki sendikalize yo te ganye nivo estaf ki pi senesòf.

### K: Pou ki rezon ou panse yo pral dakò so sa?

R: Nou genyen sipò piblik la ak ofisyèl yo te eli yo, ki enkli Konsil Vil Boston la, Majistra Menino, òganizasyon kominotè yo, òganizasyon relijye yo, manm lejislatif eta yo ak milye manm nan sendika nou an ak lòt sendika yo.

### K: Èske nou pa gen pou nou peye kotizasyon lè nou vote pou nou vin sendikalize?

R: Aktyèlman non, malgre administratè yo souvan dekri li konsa, nan fason ki pa kòrèk. Lemoman nou vote pou nou vin sendikalize, dapre lalwa administrasyon dwe negosye avèk nou sou salè, benefis ak kondisyon travay yo. Aprè sa, ou pral eli yon komite pou negosyasyon ki gen plis respè pami kò-travayè w yo. Aprè nou fin negosye meyè kontra yo kwè nou kapab negosye an, tout travayè yo pral vote pou apwouve yon kontra epi yo p'ap peye okenn kotizasyon jiskaske yo vote.

### K: Èske gen lòt lopital ki siyen kalite kontra sa yo?

R: Wi, plizyè lopital nan Massachusetts:

- Boston Medical Center (Sant Medikal Boston) Twa eleksyon te fèt anba kontra (1996, 1997, 2005)
- Konsèy Lopital Vil Boston yo an 1993
- Lopital Whidden Memorial te genyen de (2) eleksyon ant 2000 ak 2002
- Sant Medikal UMass, Worcester te genyen yon eleksyon an 1999

Tout lòt kote nan peyi an, anpil sistèm medikal te negosye yo kòd konduit lib ak jis, ki enkli The New York League of Voluntary Hospitals, Kaiser Permanente (pi geo founisè swen medikal san bi likratif Ozetazini), HCA (pi geo kòporasyon swen medikal san bi likratif nan lemond), Tenet, Catholic Healthcare West, Allina Health, Daughters of Charity ak anpil lòt lopital Ozetazini.